



Pou Piblikasyon Imedya: 29/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO TE APWOUVE 35 KONTE POU REKÒMANSE TRETMAN EKSTÈN FAKILTATIF POU PASYAN

Eta New York ap fè an mwayèn 30,000 tès dyagnostik pa jou

Rezilta etid sou tès antikò FDNY ak NYPD yo montre 17.1 pousan FDNY ak 10.5 pousan NYPD yo gen antikò

Eta a ap devlope tès antikò yo jodi a pou teste 1,000 travayè transpò piblik yo

Òdone MTA a pou bay plan konplè a demen sou kijan pou netwaye ak dezenfekte chak tren, chas swa

Konfime 4,585 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 299,691; gen nouvo ka nan 46 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo te apwouve 35 konte pou rekòmanse tretman ekstèn ochwa pou pasyan yo. Gouvènè a te anonse dènyeman eta a ap pèmèt pou rekòmanse fè tretman ekstèn ochwa nan konte ak nan lopital yo san risk pou ogmantasyon enpòtan COVID-19 akoutèm. Konte ki kalifye yo se: Allegany, Broome, Cattaraugus, Chautauqua, Chenango, Delaware, Dutchess, Essex, Franklin, Fulton, Genesee, Herkimer, Jefferson, Lewis, Livingston, Madison, Monroe, Niagara, Oneida, Onondaga, Ontario, Orleans, Oswego, Putnam, Saratoga, Schoharie, Schuyler, St. Lawrence, Steuben, Sullivan, Tompkins, Ulster, Wayne, Wyoming ak Yates.

Gouvènè Cuomo te anonse tou Eta New York ap fè yon mwayèn 30,000 tès dyagnostik kounye a pou COVID-19 pa jou. Semèn pase a, Gouvènè a te anonse eta a ap travay ak gouvènman federal la pou double kapasite New York pou fè tès soti nan 20,000 tès pa jou pou pase a 40,000 tès pa jou sou plizyè semèn.

Gouvènè a te anonse tou rezilta tès antikò pou FDNY ak NYPD ki te teste 1,000 ofisye Depatman Ponpye Vil New York ak 1,000 ofisye Depatman Polis Vil New York atravè tout senk minisipalite yo. Rezilta preliminè yo montre 17.1 pousan ofisye FDNY ak EMT yo gen antikò COVID-19 e 10.5 pousan ofisye NYPD yo genyen antikò COVID-19. Eta a ap fè plis analiz ak ankèt sou antikò pa ras ak jan alavni.

Gouvènè a te anonse tou eta a ap teste jodi a 1,000 travayè transpò piblik pou antikò pou detèmine pwopagasyon enfeksyon an pami travayè premye liy yo. Eta a ap travay

ak BioReference pou bay tès antikò pou sekouris yo ak lòt travayè esansyèl nan MTA, Polis Eta a, DOCCS ak lòt yo.

Gouvènè a te òdone tou pou MTA bay yon plan konplè demen, 30 avril, sou fason l ap netwaye epi dezenfekte chak tren, chak swa nan repons ak deteryorasyon kondisyon yo repòte nan metwo yo pandan pandemi an.

"Nou te fè pwogrè ki ekstraòdinè pou sispann pwopagasyon enfeksyon sa, men nou pako fin pale e nou bezwen pwosede ak prekosyon pandan n ap kòmanse plan re-ouvèti nou an," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou konnen fè tès se kle pou re-ouvèti New York - se endikatè ki montre si n ap kenbe to enteksyon an ba pandan pwosesis re-ouvèti a. Nou te pi agresif ke nenpòt eta oubyen peyi nan mond lan sou tès yo e nou kontan kounye a nou atenn mwatye nan objektif nou pou double kapasite pou fè tès nou soti 20,000 pa jou pou rive 40,000 mil pa jou, men nou toujou gen plis travay pou fè."

Finalman, Gouvènè a te konfime 4,585 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 299,691 ka konfime nan Eta New York. Nan total 299,691 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,067	58
Allegany	35	0
Broome	273	7
Cattaraugus	47	2
Cayuga	48	0
Chautauqua	31	1
Chemung	119	6
Chenango	96	1
Clinton	59	0
Columbia	165	11
Cortland	28	0
Delaware	60	1
Dutchess	2,881	64
Erie	3,196	107
Essex	27	1
Franklin	15	1
Fulton	67	1
Genesee	152	3
Greene	114	2
Hamilton	3	0
Herkimer	58	0
Jefferson	60	0

Lewis	9	0
Livingston	67	2
Madison	126	0
Monroe	1,404	33
Montgomery	51	2
Nassau	35,505	420
Niagara	401	15
NYC	164,841	2,503
Oneida	422	11
Onondaga	782	40
Ontario	90	0
Orange	8,488	114
Orleans	85	5
Oswego	63	0
Otsego	66	1
Putnam	946	14
Rensselaer	262	12
Rockland	11,586	133
Saratoga	346	3
Schenectady	479	10
Schoharie	39	1
Schuyler	7	0
Seneca	38	0
St. Lawrence	170	0
Steuben	214	4
Suffolk	33,265	541
Sullivan	811	42
Tioga	84	2
Tompkins	127	1
Ulster	1,252	22
Warren	152	2
Washington	134	3
Wayne	70	0
Westchester	28,626	381
Wyoming	65	2
Yates	17	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)